



Pou Piblikasyon Imedya: 16/03/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 20 PWOPRIYETE KE YO NOMINE POU RANTRE
NAN REJIS PLAS ISTORIK NASYONAL AK ETA**

***Estasyon Radyo Wading River nan Long Island, Ke Yo Te Itilize kòm yon
Estasyon Transmisyon Radyo FBI Sekrè ant 1942 - 1945,
Deziye kòm yon Espas Istorik***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Konsèy Administrasyon pou Prezèvasyon Istorik Eta New York la (New York State Board for Historic Preservation) te rekòmande pou yo ajoute 20 pwopriyete, resous ak distri nan Rejis Lye Istorik Nasyonal ak Eta yo (State and National Registers of Historic Places). Nominasyon yo reflekte divèsite etonan istwa New York lan epi li enkli yon estasyon transmisyon radyo FBI sekre, yon moniman nan istwa avyasyon ke yo itilize kounye a kòm yon inivèsite kominotè, ak yon etablisman ke yo te itilize nan transmisyon elektrisite soti nan Niagara Falls pou rive Buffalo nan kòmansman ane 1900 yo.

“Administrasyon sa angaje nan ede kominote yo prezève istwa istorik gwo eta sa”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nan seleksyone moniman sa yo, New York ap ankouraje devlopman ekonomik ak kominotè, pandan ke l’ap sipòte biznis lokal yo epi prezève karaktè rich Empire State lan.”

Lis Rejis Nasyonal ak Eta a kapab ede mèt pwopriyete yo modènize bilding yo, sa ka fè yo vin elijib pou plizyè pwogram ak sèvis prezèvasyon piblik, tankou pou reponn a sibvansyon eta a yo ak kredi taks federal ak eta ki disponib pou reyabilitasyon istorik yo. Depi lè Gouvènè a te siyen pwojè lwa pou apwiye itilizasyon eta a de kredi enpo reyabilitasyon yo an 2013, pwogram eta ak federal la te ankouraje investisman plis pase 3 milya dola nan pwopriyete komèsyal istorik yo.

“Nominasyon nan Rejis Istorik Eta ak Nasyonal lan se yon etap enpòtan nan ede prezève epi amelyore atou sa yo”, **Rose Harvey, ki se Komisè Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation), te deklare.** “Lè nou pwoteje espas ditentif sa yo sa kapab ede bay bourad a kwasans ekonomik ak kalite lavi toupatou nan Eta New York.”

Rejis Nasyonal ak Eta a se lis ofisyèl bilding, estrikti, distri, peyizaj, objè ak sit enpòtan nan istwa, achitekti, akeyoloji ak kilti Eta New York ak peyi a. Gen plis pase 120,000 bilding istorik, estrikti ak sit toupatou nan eta a ki enimere nan rejis nasyonal plas istorik

la endividyèlman oswa tankou konpozan nan distri istorik yo. Mèt pwopriyete, minisipalite ak òganizasyon nan kominote toupatou nan eta a te fè pwomosyon nominasyon yo.

Rejyon Kapital

- **Copeland Carriage Shop, Edinburg** - Sivivan remakab yon batiman manifakti riral a ti eskal te pwobableman konstwi nan anviwon ane 1830 pou frè Arad ak Leonard Copeland yo.
- **Spencertown Historic District, Spencertown** - Komin Konte Columbia a se yon egzanp entak yon fason eksepsyonèl de yon sant kominal riral 19èm syèk ki te pran orijin ansanm ak yon otowout Kolonyal ki relye Hartford, Connecticut, ak Albany epi li te òganize alantou ti espas pou moulen ble ak siri yo ki nan Punsit Creek.
- **Austerlitz Historic District, Austerlitz** - Distrik 37 pwopriyete a gen ladan kay ki date de fen 18èm syèk yo pou rive nan ane 1870, menm jan ak yon legliz, yon otèl, batiman lekòl, magazen fòjwon ak de simityè, ki reflekte jeneralman achitekti rejyon sidwès New England, kote fanmi Austerlitz te soti.

Finger Lakes

- **Edith B. Ford Memorial Library, Ovid** - Konstwi an 1961, ti batiman ki gen yon sèl etaj lan bay egzanp Nouvèl Tandans Fòmalis nan achitekti modèn yo, epi li te yon kado de Doktè Walter B. Ford, yon filantwòp epi pwofesè matematik ki an retrèt, an memwa a madanm li.

Long Island

- **Hempstead Town Hall, Hempstead** - Konpatiman batiman Renesans Kolonyal ak Modèn ki entèkonekte yo te konstwi an 1918 ak ajou an 1929 ak 1950, ki reflekte kwasans komin lan ak chanjman nan modènite pou batiman sivik yo ak tan k'ap pase.
- **Mitchel Field and Flight Line, Garden City** - Konstwi ant 1929 ak 1935, konpatiman an, ke yo itilize kounye a kòm Nassau Community College, li te yonn pami pi gwo ak pi enpòtan baz avyasyon militè Ameriken yo soti depi nan Premyè Gè Mondyal lan pou rive nan kòmansman Gè Fwad lan, epi li te sèn divès batay istorik epi ki te etabli rekò yo.
- **Sisters of St. Joseph Motherhouse, Brentwood** - Kongregasyon mè relijye Katolik yo te achte ansyen pwopriyete otèl lan nan ane 1896 epi yo te devlope yon kouvan, chapèl, lekòl ak yon inivèsite. Li asosye tou ak Mè Mary Louis (Catherine Crummey, 1848-1932), Direktris Siperyè Jeneral Kongregasyon Sè St. Joseph lan pandan karant ane, yon lidè fanm eksepsyonèl nan jenerasyon li an ki te fonde plis pase 32 lekòl, de inivèsite, de lopital, epi li te gide devlopman pwopriyete lojman mè yo ki mezire 85 ekta.
- **Wading River Radio Station, Wading River** - Lojman estival lan gen anpil enpòtans nan istwa militè pou itilizasyon sekre li kòm yon estasyon transmisyon radyo FBI ant 1942 ak 1945, kote operatè nan radyo yo te fè

tèt yo pase pou ajan Alman pou kapab kolekte enfòmasyon ki presye ak entelijans kontrè pou kapab konfonn epi twonpe gouvènman Nazi an.

Mid-Hudson Valley

- **Crane House, Middletown** - Konstwi an 1897, kay modèl Rèn Anne lan te konstwi pa fanmi Crane, ki te opere yon fèm letye ki pwospè nan espas lan nan ane 1930 yo.
- **Haines Family Cemetery, Haines Falls** - Pyès santral simityè sa se yon obelisk ke yo te mete kanpe nan ane 1884 an onè a Aaron Haines (1802-1883), ki idantifye simityè an kòm espas repo final manm fanmi imedya ak pwolonje li yo, ki te pyonye nan touris Catskill 19èm syèk lan.
- **Pilgrim Furniture Factory, Kingston** - Konstwi an 1946-48 apre ke li te jwenn otorizasyon nan men gouvènman federal lan akòz mank materyèl nan tout nasyon an, faktori modèn lan te premye faktori nan zòn Kingston lan apre Dezyèm Gè Mondyal lan.

Mohawk Valley

- **Daniel Webster Jenkins House, Central Bridge** - Konstwi an 1884 nan yon modèl Rèn Anne pou Jenkins, ki te mèst estasyon an pou Albany & Susquehanna Railroad depi lè ouvèti liy wout lan an 1868 jiska lè li mouri an 1901, epi tou li te yon sipè-entandan kominal epi prezidan Komite Sipèvizè Konte Schoharie an.
- **St. Johnsville Village Historic District, St. Johnsville** - Sitiye nan entèseksyon ki nan Zimmerman Creek's lan, ak kouran idwolik abondan li an, ak koridè transpò ki sipòte pa Mohawk Valley, vilaj lan te devlope sou divès faz soti nan yon kominote Palatine 18èm syèk pou rive nan yon vilaj ak wout ray, vilaj ki gen moulen a vapè, ak kominote apre gè a.

Vil New York

- **The Wilbraham, Manhattan** - Konstwi an 1888-1890, apatman bachelye modèl Renesans Romanèsk ki gen ywit etaj lan se yon egzanp modèl lojman emèjan ki byen prezève ki te elabore pou bay sèvis a demografik ki ap chanje pou yon Amerik ki ap ibanize rapidman nan fen 19èm syèk lan.

North Country

- **First Baptist Church, Ogdensburg** - Konstwi ant 1830 ak 1833 epi remodele divès fwa, legliz lan te jwe yon wòl krisyal nan lavi espiyèl abitan Ogdensburg yo. Legliz lan distenktif tou poutèt koleksyon fenèt an vit ki tente li yo ki te pwodwi pa abitan Ogdensburg lan Harry James Horwood ant 1931 ak 1944.
- **Gooley Club, Konte Essex ak Hamilton** - Sa se yon egzanp de yon club lachas ak lapèch Adirondack, ki te anfème 6,070 ekta ki alantou Essex Chain Lakes nan Finch Pruyn & Company soti an 1947 jiska resamman.

Southern Tier

- **Tibbetts-Rumsey House, Ithaca** - Kay 1880 an asosye ak lavi de fanmi Ithaca ki enpòtan anpil: Fanmi Tibbetts, ki se pwopriyetè yon faktori penti, te premye okipan kay lan, anvan ke yo te vann li an 1885 bay fanmi Rumsey, ki se pwopriyetè yon biznis materyèl, ki te okipan kay lan jiska an 1966.

Rejyon Lwès New York

- **Buffalo General Electric Company, Buffalo** - Konstwi sou fasèt Rivyè Niagara ak Kanada ant 1906 ak 1923, batiman an asosye ak devlopman ak transmasyon antisipe elektrisite soti depi Niagara Falls rive Buffalo - kreye yon enpak ki ap dire ki ta pral chanje a jamè rejyon an ak nasyon an.
- **New York Central Black Rock Freight House, Buffalo** - Konstwi an 1906 pa New York Central Railroad, yo te itilize batiman an pou transfè pasèl jiska nan kòmansman ane 1960 yo, epi li se kounye a yon egzanp rar de yon modèl batiman ki te demoli anvan sa kòm lòt fòm transpò ray ki te anile.
- **Seippel Bakery and Richard Apartments, Niagara Falls** - Konstwi an de faz, pòsyon boulanjri orijinal nan batiman an date de 1913 epi li te loje Seippel Bakery, ki te bay sèvis nan Niagara Falls pandan prèske senkant ane. Yo te ajoute Apatman Richard yo ak de magazen ak vitrin an 1926.

Yon fwa ofisye prezèvasyon istorik eta a apwouve rekòmandasyon yo, yo ap antre pwopriyete sa yo nan lis Rejis Lye Istorik Eta New York la epi apres a yo te nomine yo pou yo mete yo nan Rejis Lye Istorik Nasyonal la, kote yo te revize yo, epi yon fwa yo apwouve yo, yo ap rantre yo nan Rejis Nasyonal la. W ap jwenn plis enfòmasyon ak foto sou nominasyon yo disponib sou [sitwèb](#) Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik la.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)